

Wacanen cerkak iki, banjur wangsulana pertanyaan ing ngisor!

“Ngingu Pitik”

Bapakku yaiku peternak pitik terkenal ing desaku. Bapak gadhah kandang pitik kathah ing mburi omah. Kandang pitik ning mburi omah kabehe ono 5, saben kandang nduwe ukuran 5 x 6 meter ingkang kuat nampung pitik sing jumlahe 50 ekor. Saben esuk aku mbantu bapak menehi pakan lan ngombe supoyo pitike gelis gede lan payu larang. Pakan pitik sing biasa digunakne ono berbagai macem, kadang dipakani beras, jagung, utowo dedak. Pakan kasebut biasa ditumbas bapak ten tengkulak khusus sing wes kerjasama suwe dadine iso oleh rego ingkang murah. Pitik ing kandang mburi omah biasane di jupuki endok e saben dino, anangin ono uga pitik ingkang khusus di jupuk daging e gawe dipangan. Alhamdulillah keluargaku saget wirausaha dewe soko kandang ingkang di budidayakne bapakku. Aku seneng sinau ngingu pitik langsung karo bapak. Aku duweni cita-cita sesuk gedhe bakal iso neruske usahane bapakku supoyo luweh gede lan berkembang.

1. Sapa peternak pitik ing desaku?

Wangsulan :

2. Piro kabehe kandang pitik ing mburi omah?

Wangsulan :

3. Piro ukuran kandang pitik?

Wangsulan :

4. Kandang pitik kuat nampung pirang ekor?

Wangsulan :

5. Opo wa pakan pitik sing digunakake?

Wangsulan :